



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 4/1/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWEN ESANSYÈL VIL NEW YORK NAN AKO SOU
BIDJÈ ETA 2016-17**

Video Gouvènè a kap anonse akò ak lidè palmantè nan konferans laprès yè swa disponib nan fòm Kalite TV [la](#) ak sou YouTube [la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te prezante jodia kèk nan akonplisman enpòtan pou Vil New York nan akò sou bidjè Eta 2016-17 la. Anplis pou kreye yon plan salè minimòm \$15 nan tout eta, règleman konje fanmi peye ki pi solid nan peyi a, ak yon rediksyon taks sou revni pèsònèl ki pral redwi taks klas mwayèn lan nan pousantaj ki pi ba depi 70 ane – bidjè a gen ladan tou yon kantite siyati bidjè ki devlope ekonomi an epi kreye yon New York ki pi ansante, pi pwòp, solid ak vèt.

Pou referans, enfòmasyon sou plan salè minimòm \$15, 12-semèn konje fanmi peye, rediksyon taks \$4.2 milya pou klas mwayèn nan ak \$24.8 milya nan èd lekòl disponib [la](#).

Pwen esansyèl rejyonal spesifik nan bidjè eta 2016-17 pou kominote Vil New York yo gen ladan:

Èd Lekòl: Distri lekòl yo nan Vil New York ap resevwa \$9.68 milya nan èd lekòl – yon ogmantasyon de \$525 milyon parapò a ane pase. Vil la ap resevwa \$28 milyon dola nan finansman lekòl kominotè. Bidjè sa ap restore konplètman \$87.2 milyon nan Eliminasyon Eka Ajisteman Rejyon an.

Salè Minimòm: Depatman Travay Eta pwojete 927,400 travayè nan Vil New York ap eksperimante salè ki pi elve nan kad salè minimòm \$15, re-envesti yon estimasyon \$6.5 milya nan ekonomi vil la.

Pou travayè nan Vil New York kap travay nan gwo biznis (sila yo ki gen omwen 11 anplwaye) salè minimòm lan ta ogmante a \$11 nan fen 2016, apres a yon lòt \$2 chak ane apre, jiskaske yo rive nan \$15 nan dat 31/12/2018. Pou travayè yo nan Vil New York kap travay nan ti biznis (sila yo ki gen 10 anplwaye oswa mens) salè minimòm nan ta ogmante a \$10.50 nan fen 2016, apres a yon lòt \$1.50 chak ane apre, jiskaske yo rive nan \$15 nan dat 31/12/2019.

Konje fanmi peye: Depatman Travay Eta pwojete 2,938,595 travayè sektè prive nan Vil New York ap vini kalifye pou 12 semèn konje fanmi peye.

Redikasyon Taks pou Klas Mwayèn: Redikasyon taks pou klas mwayèn nan bidjè a, lè li fin byen enplemnte, ap ekonomize kontribyab yo 2,027,063 nan Vil New York yon total 1.32 milyon avèk ekonomi an mwayèn de \$653 pa ane.

Envestisman spesyal Adisyonèl nan Vil New York gen ladan:

- \$700 milyon pou transfòmè livrezon swen sante nan Brooklyn
- \$2.75 milyon pou Inisyativ Anti-Povrete nan Bronx
- \$10 milyon pou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil
- Plan Kapital MTA \$27 milya – pi gwo istwa
 - 1,000 nouvo machin tren
 - 1,400 nouvo otobis yo
 - 300 nouvo machin ray tren pou Hudson Valley ak Long Island
 - Renovasyon nan ray, siyal, lakou, depo, estasyon ak pon
- Sipò pou Penn Farley redevlope ak nouvo ayewopò nan LaGuardia
- \$1 milya pou metro Second Avenue
- \$1 Milya Dola pou Javits
- 4 Estasyon Metro-North nan Bronx
- \$15 milyon dola pou START (Sistematik, Evalyasyon Terapetik, Repo ak Tretman) pwogram pou asire bon jan kalite tretman ak redwi depandans nan nivo sèvis ki pi elve.
- \$295 milyon dola pou ranplase Pon Kosciuszko ant Brooklyn ak Queens.
- \$159 milyon pou faz I, ak \$129 milyon pou faz II, pou reyabilite vyadik nan Bruckner Expressway.
- \$250 milyon pou reyabilite sis pon nan pasaj-Bronx Expressway.
- \$97 milyon dola pou dezafekte Sheridan Expressway epi kreye yon boulva iben.

Lòt Envestisman spesyal Adisyonèl lokal nan bidjè a gen ladan:

Sipò pou Edikasyon Siperyè

Pou Inivèsite Eta New York, yon ogmantasyon \$56 milyon nan sipò fonksyonman jeneral ak benefis sosyal anplwaye te founi pou kanpis yo ke eta ap jere. Kat sant inivèsite yo otorize pou ogmante pousantaj frè eskolè pou etidyan bakaloreya yo pa jiska 10 pousan pou yon estimasyon \$ 22 milyon nan revni anplis.

Bidjè a gen ladan tou plis pase \$1.6 milya an sipò eta pou Inivèsite Eta New York, yon ogmantasyon \$29 milyon nan sipò fonksyonman jeneral ak benefis sosyal anplwaye te founi pou kanpis yo ke eta ap jere. Eta ap nome yon espesyalis jesyon òganizasyon pou restriktire travay ak fonksyon administrasyon an epi prezante yon plan konpreyansif bay eta pou bidjè ane pwochen an. Sa pap non sèlman pote yon gwo ekonomi pou CUNY, men lap chèche pou sèvis pataje avèk SUNY.

Pou devlope yon avni ki pi solid pou SUNY ak CUNY, bidjè a bay \$110 milyon dola pou yon nouvo seri konpetitif NYSUNY 2020 ak NYCUNY 2020 sibvansyon defi kapital. Resous sa yo finanse inisyativ kanpis pou amelyore rezilta akademik, jwenn efikasite, epi ankouraje inovasyon ak devlopman ekonomik. Plis pase \$1 milya te envesti nan

pwogram stratejik pou fè kolè yo vini plis a bon mache epi ankouraje elèv ki pi entelijan yo pou devlope avni yo nan Eta New York ap kontinye ogmante finansman pou pwogram asistans frè eskolè epi sipòte Pwogram Padon Prè pou retounen sou pye ou w la.

Bidjè a gen ladan tou yon investisman \$20 milyon dola pou sipòte pwogram devlopman mendèv nan SUNY ak CUNY kap prepare etidyan yo pou karyè 21yèm syèk la. Sa gen ladann:

- *\$15 Milyon pou Pwogram Travay Enèji Pwòp*
 - Edike pwochen jenerasyon travayè enèji pwòp yo nan eta pou asire ke New York dirije wout la an devlopman mendèv enèji pwòp,
 - Etann pwogram teknoloji pwòp ak enèji renouvlab ke SUNY ofri.
- *\$5 milyon pou kreye Aprantisaj SUNY/CUNY*
 - Amelyore patenarya inovè SUNY/CUNY avèk travay New York yo kòm youn nan pi gwo pwogram aprantisaj piblik-prive nan peyi a
 - Asire ke elèv yo konplete degre pandan yap patisipe nan aprantisaj anrejistre epi finalman prepare plizè milye Nouyòkè pou nouvo opòtinite travay nan manifakti avanse alafwa nan gwo ak ti konpayi yo.
 - Lyen salklas ki baze sou enstriksyon avèk fòmasyon ki baze sou travay pa anplwayè nou yo nan Eta

Pwogram Kredi Taks Travay Jèn Iben

Pwogram sa ankouraje biznis anpwaye jèn moun 16 rive 24 lane ki pap travay, ki dezavantaje, kap viv nan vil yo ki gen plis povrete ak chomaj. Alokasyon chak ane a ogmante soti \$20 milyon dola rive \$50 milyon dola pou lane anboch 2016 ak 2017, kote \$20 milyon dola ka afekte nan tout eta a.

\$50 milyon dola Investisman I LOVE NY

Bidjè a gen ladan \$50 milyon ogmantasyon pou kanpay I LOVE NY la nan fason pou kontinye devlope gwo sektè touris New York la – ki te responsab pou plis pase 883,000 djòb ak yon enpak ekonomik \$100 milya nan ane 2015 la.

\$54 Milyon Dola pou Ogmante Kapasite Aplikasyon Lalwa ak pou Ede Konbat Teworis

Dènye atak laterè yo montre yon tandans nan direksyon atak kowòdone kote yo itilize zam datak modèl militè, ansanm avèk gwoup ekstremis ki pran nesans lokalman ki angaje nan atak lous solitè. Atak sa yo pi fasil pou fèt sou tè Ameriken an e yo ka rive nenpòt kote nan Eta New York. Nouvo reyalite teworis sa mande yon apwòch apwofondi nan efò anti-teworis Eta a.

Bidjè a gen ladan yon investisman \$40 milyon, yo te premye pwopoze nan diskou sou eta Gouvènè a, pou ogmanse prezans ajans lapolis atravè eta a, \$10 milyon dola pou ekipman sekirite pou ajans lapolis lokal ak \$4 milyon dola investisman pou bay polisye New York State Police fizi gwo pwisans, pwoteksyon blende pou kò yo ak kask balistik pou tèt pou tout twoupè an inifòm kap travay, ansanm avèk fòmasyon ki nesèsè pou prepare yo pou menas teworis la kap evolye.

Fon Pwoteksyon Anviwònman

Bidjè a gen ladan afektasyon kredi \$300 milyon dola pou EPF, pi wo nivo finansman nan istwa pwogram lan ak yon ogmantasyon \$123 milyon dola nan ane fiskal 2016. Ogmantasyon sa ap bay lajan ou pa janm wè pou entandans, pwogram agrikilti, prevansyon ak eliminasyon espès anvayisan, resiklaj minisipal ak yon pwogram jistis anviwonman agresif. Anplis, nivo finansman sa a pral kreye nouvo pwogram pou ede kominote adapte nan chanjman klima atravè planifikasyon rezilyans ak pwojè kapital epi pou diminye emisyon gaz efè sè andeyò sektè elektrisite a.

Lwa sou Modènizasyon Enfrastrikti Dlo

Lwa sou Modènizasyon Enfrastrikti Dlo 2015 lan prevwa sibvansyon pou minisipalite pou modènizasyon sistèm dlo potab ak dlo ize enpòtan anpil. Bidjè ane sa a ogmante finansman lwa soti \$200 milyon dola apwouve nan lane 2015, rive \$400 milyon dola. Sibvansyon ki bay atravè lwa a pral ede otorite lokal vanse apeprè \$2 milya dola nan investisman pou enfrastrikti lokal dlo potab ak dlo ize pandan y ap kreye apeprè 33,000 dyòb nan konstriksyon.

Konbat Konsomasyon Opyòd

Bidjè a envesti \$25 milyon dola nan Biwo Sèvis Konsomasyon Alkòl ak Dwòg la pou konbat pwoblèm ewoyin/opyòm lan, ak yon ogmantasyon nan depans soti \$141 milyon dola nan ane fiskal 2016 rive \$166 milyon nan ane fiskal 2017 (yon \$51 milyon dola ogmantasyon depi ane fiskal 2014). Bourad lajan pral sèvi pou ogmante aksè nan sèvis sipò pou prevansyon, tretman ak rekiperyasyon pou moun kap souffri maladi akòz itilizasyon ewoyin, opyòm ak lòt sibstans. Mete sou sa, pou pouse batay kont abi opyoyid la pi lwen, bidjè a gen ladan l inisyativ ki pral mande pou òganizasyon swen kowòdone mande otorizasyon alavans pou renouvèlman opyòd ki depase kat preskripsyon nan 30 jou. Inisyativ la pap konsènen malad kap souffri ak kansè, deprimositoz oubyen kap resevwa swen loispis.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418